

**ÆВУДДÆР КА ФÆУУЙ, ЕУГУР ФУДТÆ ДÆР УОНÆБÆЛ ИСÆНХУÆРСУНЦÆ!..**

***ФÆРНИОН Къоста (1908-1937), финсæг: «Ке гъæуй тугъд?.. Мæ мæгур адæм æгириддæр сæ билицъæрттæ нæ хуæрунцæ тугъдмондагæй, нæ гъæуй уони тугъд, уони федуд цард фæндуй... Хуæздæр æй федуд цард... Тугъд фæуyодзæнæй, фал кæд, кæд...» Аци бафарст абони дæр уæлдай ахсгиаг æй нæ дзиллæн...***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№45 (965) 2024 анзи 30 ноябрь – геуæргобай мæйæ

Аргъ 1 туман

## НÆ ФИДТÆЛТИ НАМУС ЦИТГИН КÆНУНÆЙ НÆ ЕУГУРДÆР ИХÆСГИН АН!..








Фондз æма цуппаринсæй анзей размæ, 1939 анзи 30 ноябри райдæдта советон-финнаг тугъд (фæцæй 1940 анзи 12 мартъий), уæд федаргонд æрцудæй сабуйради бадзурд, кæцимæ гæсгæ ССР Цæдеси æма Финляндий æхсæн исбæрæг кодтонцæ нæуæг паддзахадон арæнтæ. Аци тугъди туххæй советон доги уоййасæбæл парахаттæй койгонд нæ цудæй, æвæдзи, уомæ гæсгæ æма си Советон Цæдес кæд фæуyæлахез æй, уæддæр си берæ цæмæйдæртæй ба къæндзæстуг адтæй нæ бæсти разамунд. Раст зæгъгæй, фæстаг рæстæгути еци тугъди туххæй æрмæгутæ ахиддæр мухургонд цæуй, фал етæ дæр фулдæр хæттити фæуунцæ, кæцидæр политиктæн кутемæй пайдадæр æнцæ, еци хузи.

Нæ зонæн, аци тугъди 85 анзей бон ести хузи бæрæггонд æрцæудзæнæй, уой. Фал æй мах ба уæддæр имисæн æма уой фæдбæл æрмæг мухур кæнæн 2-3-аг фæрстæбæл.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

## АХСГИАГ ГЪУДДАГ




### НÆ ЦИТГИН УÆЛАХЕЗИ БÆРÆГБОНИ КАДÆН

Нæ адæми тæккæ табуйагдæр бæрæгбон – Цитгин Уæлахези Бон – алли анз бæрæггонд æрцæуй кадгинæй. Уæлдайдæр ба – юбилейон ку фæууй, уæд. Ци берæ алæмæти мадзæлттæ арæзт æрцæуй, уонæй еу исуй, алихатт дæр ин хецæн нисанеуæги хузæгонд (логотип) ке исфæлдесунцæ, е.

Уотæ нур дæр – нæ бæсти дзиллитæ абони сæхе цæттæ кæнунцæ иннæ анзи нæ Цитгин Уæлахези цуппаринсæй анзей бæрæгбон исбæрæг кæнунмæ. Æма бабæй рагацау федаргонд æрцудæй, уой логотип дæр. Фæлгонцгонд си æй, Сталинграды Мамайи обауи сæрбæл «Райгурæн бæстæ-Мадæ», зæгъгæ, ци циртдзæвæн æвæрд æй, уой хузæ. Аци ахсгиаг цауи фæдбæл æрмæг кæсетæ 7-аг фарсбæл.

## НОМЕРÆН



### АЙЙЕВАДИ КЪАБÆЗТИ КÆЦИМИ БА НÆ ФЕСКЪУÆЛХТÆЙ!..

Абони нæ газети 4-5-аг фæрстæбæл мухур кæнæн æрмæг нæ номдзуд лæгтæй еу, Дзанайти Василийи фурт Азанбеги туххæй. Уомæн ес дууæ рæуаги. Æрæги цитгинæй бæрæггонд æрцудæй Цæгат Иристони хузæгæнгути Цæдеси исарæзти 85 анзей бæрæгбон. Æма нæ республики хузæкæнуйнади аййевади номдзуддæр архайгутæй ба еу адтæй Дзанайти Азанбег. Ауалдзæги 24 майи æ райгурдбæл исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1919-1989).

Нæ хузæгæнгутæй фиццагидæр Дзанайти Азанбегæн лæвæрд æрцудæй УСФСР-и адæмон хузæгæнæги ном. Мадта ин Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæги ном дæр хумæтæги аккаггонд не ’рцудæй – хузæкæнуйнадæй уæлдай ма фескъуæлхтæй киноаййевади дæр, æ рæстæги хъæбæр æновудæй байархайдта номдзуд кинонивæ «Осетинская легенда» исесунбæл, æма уомæй, зæгъун æнгъезуй, ниввардта бундор нæ национ киноаййевадæн.

Уогæ етæ бæлвурддæр дзубандий аккаг æнцæ, абони ба уæ зонгæ кæнæн Дзанайти Азанбеги туххæй нæ иннæ номдзуд хузæгæнæг Цæрикъати Маирбеги имисуйнæгти хæццæ.

*Сахар Дигорай 2-аг астæуккаг скъолай æрæги арæзт æрцудæй ахурдзаути фембæлд сæрмагонд æфсæддон операций архайгути хæццæ. Мадзали зæрдтагон иуазгутæ иссæнцæ нæ республики сæрмагонд æфсæддон операций ветеранти Ассоциаций сæрдар Магкети Олег æма Цæрикъати Алан.*

**АЛЦÆМÆН ДÆР ÆМА АЛКÆМÆН ДÆР ИСТОРИ ÆМА АДÆМ ÆНЦÆ ТÆРХОНГÆНÆГ – РАСТ АДТÆНЦÆ ÆВИ НÆ, УОМÆЙ!..**



# ХЪИАМÆТТÆЙ-ХЪИАМÆТДÆР АДТÆЙ ЕЦИ ТУГЪД ДÆР…



**БИЦЪОТИ Гриш**
(1932-2014)
финсæг

*Цийфæнди карз тугъди дæр зæнхкосæгæй хъæбæрдæр гъигæдард неке байиафуй, фал си уæлахезæй дæр е рацæуй. Царди гъæдгинтæ дæр е бадзæбæхтæ кæнуй, æма бабæй æ соинæ къохти фæрци цард æ тухи бацæуй…*

*Æма уотæ нæ рауадæй советон-финляндиаг тугъди хабар дæр? Нæ балхонтæ берæ цæмæйдæрти нæ исарæхстæнцæ, æма уой фудæй ба æверхъауд-зийнæдти бахаудтæнцæ хумæтæг советон æфсæддонтæ, мингæйттæ си цагъди фæцæнцæ. Æма уæд уонæн кадæ ма кæнæ, еци хъиамæтти хабæрттæ æргомæй ма кæнæ, е уотид раст нæй, е хъæбæр устур тæрегъæд æй. Уомæ гæсгæ ба абони, еци тугъд имисгæй, нæ мухур кæнæн нæдæр историкти, нæдæр ба политикти дзубандитæ. Мухур кæнæн, нæ зундгонд финсæг Бицъоти Гриш (1932-2014) æ райгурæн гъæу Ставд-Дорти туххæй кæддæр ци документалон уацау ниффинста, уордигæй скъуддзаг – дзубанди си цæуй, е ’мгъæуккæгтæй еци тугъди ка архайдта, уони туххæй.*

* * *

Минкъий ма адтæн, уæд æй балæдæрдтæн, орденхæссæг адæми ’хсæн куд кадгин адтæй, уой. Æнæгъæнæ гъæубæстæ дæр си сæрустур адтæнцæ. Фидибæстон тугъди агъоммæ уæхæн кади аккаг разиндтæнцæ Фæрниати Батæрбег æма Закати Хадзимурзæ. Хадзимурзæ мæ цæсти адтæй, адæми ’хсæнмæ æргом ка рацудæй, аргъæутти уæхæн хъайтари хузæн. Советон-финнаг (Гриш æ уацауи финста куд Финнти тугъд, æма ’й уотемæй уадзæн – Ред.) тугъди рæстæг фескъуæлхтæй æма ’й исхуарзæнхгин кодтонцæ Тугъдон Сурх Турусай орденæй. Батæрбег ба адтæй Советон доги хестæр фæлтæри ахургæнгутæй, уомæн ба исаккаг кодтонцæ Фæллойни Сурх турусай орден. Гъæубæстæ сæрмагондæй сæ дууей номбæл дæр исаразтонцæ митинг, æрцудæй имæ берæ адæм, фæййарфитæ син кодтонцæ, уой фæсте ба кувди фингæ райвардтонцæ...

Финнти тугъд райдæдта 1939 анзи 30 ноябри æма рахаста 1940 анзи 12 мартъий уæнгæ. Ставддортæгтæй Финнти тугъди архайдтонцæ Закати Хадзимурзæ, Токати Дзандар æма Барис, Уарзиати Тотр, Сохити Сослæнбег, Æлбегати Валоди. Мæ фиди æнсувæр Дзибой кæддæр фарстон æ уæди хабæрттæбæл дæр, фал нæ исразæнгард æй дзорунмæ. Геналдухъо (гъулæггагæн, уацауи æ муггаг цæмæдæр гæсгæ амунд нæй – Ред.) Финнти тугъди туххæй хуæрзцубурæй загъта:

– Уæхæн зумæг искодта æма басудан. Финнти федæрттæ уотæ дæсни арæзт адтæнцæ æма сæмæ æмгæрон бацæуæн нæ адтæй...

Советон мухури Финнти тугъди туххæй бæлвурд дзубанди некæд загътонцæ. Еци тугъди æверхъау æцæгдзийнадæ базудтон Токати Дзандари дзубандитæй. Дзандари æз æ тухсти дзамани базудтон – цæстирохсæй фенæкай æй. Финнти тугъди агъоммæ Дзандар ахур кодта сахар Старая Русайи æфсæддон скъолай. Уой фæсте бахаудтæй пулеметæй æхсæг взводмæ. Æфсæддон скъолай размæ ма куста æфсæддон заводи æма уомæ гæсгæ ба тактикон ахурти рæстæг уроктæ лæвардта æхуæдæг. Уæззау сæйгæ фæцæй æма госпиталмæ бахаудтæй. Ку исдзæбæх æй, уæд æй бакодтонцæ фестæг æфсæддон хаймæ. Уалинмæ Германи тугъд ракъахта Польший нихмæ. Е адтæй 1939 анзи 1 сентябри. Дзандар кæми адтæй, еци æфсæддон хаййи багæлстонцæ Нигулæн Украинмæмæ, уоми сæхе бафæсвæд кодтонцæ гъæди. Еуæхæни сæ немуци æфсад æрæстæфтæнцæ æма сæ дзармадзантæй æхсун байдæдтонцæ. Фæстæдæр етæ сæхе раст кодтонцæ, мах уæ польшæгтæ æнгъæл адтан, зæгъгæ.

Уой фæсте син се ’фсæддон хай багæлстонцæ Финляндий арæнмæ. Æхсæвеуат кодтонцæ зæнхи буни арæзт сигиткъæсти. Уомæлæй си æрлæууæн нæ адтæй, дон сæбæл æнæсцохæй тагъдæй. Уоми фæцæнцæ сауæнгæ ноябри уæнгæ. Сæ медастæу дзурдтонцæ: «Тугъдæн æнæ райдайæн нæййес». Сæуми аст сахаттебæл дæр ма хъæбæр талингæ адтæй. Калд бæлæстæ нæдтæбæл рæдзæгъдæй лæудтæнцæ. Сæ надбæл, Карели зæнхкъобалæ ке худтонцæ, еци федар, Финнаг донбакæлæнтæй хъæрттæй сауæнгæ Ладожски цади билæмæ (худтонцæ ’й «Линия Маннергейма»). Федармæ бацæун гъудæй дони сæрти. Нæ ’фсад финнти зæнхæбæл бацудæнцæ дæс æма инсæй километрей бæрцæ. Уоййасæбæл берæ адтæнцæ æма сæ зæнхæ нæ уорæдта. Фæсæмбесæхсæвæ цуппар сахатти адтайдæ, уæд нæ дзармадзантæ финнти æхсун райдæдтонцæ, фал етæ сæ бунатæй æзмæлгæ дæр нæ фæккодтонцæ. Уæд дивизий исистун кодтонцæ æма ин бардзурд равардтонцæ дони сæрти бахезуни туххæй. Ралæгарстонцæ размæ.

Æфсади разæй ранæхстæр æнцæ бæхтæй ласгæ дзармадзантæ. Уони хæццæ адтæй Дзандар дæр. Донмæ куд хæстæгдæр кодтонцæ, уотæ сæ финнтæ сæ дзармадзантæй æхсун райдæдтонцæ. Нади дæллæй циуавæрдæр гъæмпинсæр хæдзарæ исцæфтæй. Зæнхæ фунхтæй дзармадзанти нæмгути рæмугъдтитæй. Не ’фсæддонтæ фæззæрддзæф æнцæ æма сæхе фæффæстæдæр кодтонцæ. Дони сæрти бахезун фицгаг ка бавзурста, етæ цагъди фæцæнцæ. Хуæздæр бон не ’ркодта, дуккаг хатт дæр ка ’взурста, уонæбæл дæр. Сæ уæле адтæй маскхалæттæ, арф мети сæ къахдзонæгътæ ниххастæнцæ æма син размæ цæунæн неци æнтæстæй, адæймаг мисан фестадæй. Уазал хъæрттæй 50 градусемæ. Зæлланггæнагæ уазал. Сæ уæледарæсти нецибал тафс адтæй. Финнтæ махонтæмæ гъавтонцæ æртæуæладзугон федари сæрæй, бæлæстæ бахсастонцæ æма си хе байауунгæнæн нæбал адтæй. Салд зæнхæ уотæ ниддæвдæг æй, æма ’й тæккæ уæззаудæр бомбæ дæр нæбал цъола кодта. Финнаг рæстдзæвинтæ бæлæсти сæрти астъæнттæ сæхецæн искодтонцæ æма мах тугъдонти мисанæн агурдтонцæ. Не ’фсæддонтæ кумæ бацудæнцæ, еци комæн æ дууæ фахсебæл дæр финнæгтæ бадтæнцæ федаргонд акъоппити, дууердигæй æхстонцæ махонти æма сæ биндзити цагъд кодтонцæ.

Еци зиндонæй ма райервазтæнцæ еугæйттæ. Махонтæ ци федар акъоппитæ байстонцæ, уордæмæ финнтæ дон рауагътонцæ æма си лæууæн нæбал адтæй. Финнæгтæбæл адтæй царæй конд дарæстæ, махуæнттæбæл ба – медæггæгтæ, гъар хæдæнттæ æма хæлæфтæ, гъосгинходтæ, бæмпæггинтæ. Æма си неци тафс адтæй. Ку рату кодтайсæ, уæд зæнхæмæ ехин нæмуг æрхаудтайдæ. Нæ размæмпурсæг тугъдонтæн лæвардтонцæ водкæ. Еци ниуæзтæ берети бабун кодта. Ниуæзтæй тог базмæлидæ, бауæрбæл гъар уолæн райвулидæ æма адæймаги хуссæг райахæссидæ. Ка рафунæй уидæ, етæ ниссæлиуонцæ, фестиуонцæ ехин къотæртæ.

Финнаг федар арæзт адтæй немуцаг инженерти гъудимæ гæсгæ. Дзармадзанти нæмуг ибæл ку исæмбæлидæ, уæддæр фæстæмæ расхъеуидæ. Уогæ еци уазали алли нæмуг ихæлгæ дæр нæ кодта.

Дзандари тугъдон æмбæлттæй ка фæццæф кенæ фæммард уидæ, уони бæсти нæугутæ ’рбарветиуонцæ. Финнаг тугъдонтæ къахдзонæгътæбæл хъæбæр дæсни уадæнцæ, бæгъатæр адтæнцæ, сæхе уацари нæ лæвардтонцæ. Мах госпиталмæ си ка бахауидæ, етæ сæхе дзæбæх кæнун нæ уагътонцæ.

Финнтæмæ ма уæхæн фæткæ адтæй – дæс уæрæсейаг æфсæддони ка рамаридæ, уой сæрмагонд бардзурдмæ гæсгæ æрвистонцæ уолæфунмæ.

Мах танктæ адтæнцæ згъæрцъарæ, æвардтонцæ сæ цонæгътæбæл. Æ ауун æрлæууиуонцæ фестæгæфсæддонтæ æма ’й размæ ’схустонцæ. Финнæгтæ нæ танкти рацæуæнти райтигътонцæ электрон ток уагъд кæми адтæй, уæхæн телтæ. Танк телбæл ку бамбæлидæ, уæд æрлæууидæ. Финнæгтæ махонтæбæл хийнæй дæр цудæнцæ. Æхсæвигон уони ’рдигæй уруссагау райгъусидæ лигъстæгæнæги фæдздзурд: «Помогите, пожалуйста! Помогите!» Агъаз кæнунмæ ка ратагъд кæнидæ, етæ сæ амæттаг бауиуонцæ. Махонтæй сæмæ уацари ка хаудтæй, уони бауæрбæл зинг стъалуйæй æвардтонцæ игакæ. Кенæ ба ибæл хуаси лæвæрæн бабæттиуонцæ, арт ибæл бафтауиуонцæ æма ’й уотемæй рауадзиуонцæ. Уотæ дæр уидæ, æма уони æфсæддон æхе мардæфсон искæнидæ, æма махон æ сæрти ку рахезидæ, уæдта ’й фæстегæй барæхуайидæ.

Уæди рæстæг, æвæдзи, финнæгти хузæн тугъдон федар некæмæ адтæй. Æ цæуæнтæ зæнхи бунти арæзт.

Нæ тугъдонтæн лæвардтонцæ сонгун хуæруйнаг, исæдонуг уиуонцæ, фал ниуазуни дон ке къохи æфтудæй. Дон истонцæ, ех дзармадзани нæмгутæй кæми фе-



ССР Цæдеси Сæйраг Совети Указæй 1944 анзи 5 декабри нисангонд æрцудæй майдан «За оборону Советского Заполярья». Уомæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ, не ’мзæнхон тугъдонтæй еци рауæн ка тох кодта, уонæй беретæ.

гон уидæ, еци рауæнтæй. Фал не ’фсæддонти финнæгтæ донесæнтæмæ хæстæг бацæун нæ уагъ-тонцæ, нæмуги амæттаг сæ бакæниуонцæ. Кæцæй сæ æхстонцæ, уомæн базонæн нæ уидæ. Уой махонтæ æрæгиау базудтонцæ. Финнæгтæ бавналдтонцæ æма бæласи сæрти рагацау гъаргæнæнтæ исæвардтонцæ (электрон гъаргæнæнтæ адтæнцæ, æндæр ци), уомити бадтæнцæ сæ рæстдзæвинтæ æма махонти цагътонцæ.

Дзандар уотæ дзурдта:

– Финнæгти нæмгутæй ни ка фæгъгъудæй, уазали азарæй нæбæл уомæй фулдæр зиантæ ’рцудæй…

Финнæгти хæццæ тугъд ку банцадæй, уой фæсте Закати Хадзимурзæ иссудæй Ставд-Дортæмæ. Бæрæгбон исæййафта. Гъæубæстæ æрæмбурд æнцæ гъæуи æндеггæй догъуадзæн обауи размæ. Чисиати Ануси е ’мгарæ кизгуттæй цалдæрей хæццæ хебарæй лæудтæнцæ. Хадзимурзæ сæмæ бацудæй, медбилти ходгæй син салам равардта, æ цæстæ сæбæл рахаста æма уотæ бакодта:

– Изæри клубмæ рацотæ, кинонивæ си æвдесдзæнæнцæ. Зæрдиуагæй уæ хонун.

Изæри клуби фембалдæнцæ Хадзимурзæ æма кизгуттæ. Даргъ къелатæй еуебæл исбадтæй лæхъуæн æма Анусийæн æ фарсмæ райамудта: «Мæнæ ами исбадæ». Исбадун кодта иннæ кизгутти дæр. Фарсбæл итигъд гæгъæдибæл фæззиндтæнцæ кинониви райдайæни финститæ… Бакастæнцæ ставд дамугъатæй финст: «ЛИНИЯ МАННЕРГЕЙМА». Æнахур хузи рауадæй: нæ тугъдонтæн зæнхон зиндони хузæн ка фестадæй, еци тугъди хузтæмæ кастæй тугъди хъайтар, рæстæгæй-рæстæгмæ кæцидæр хузти медес кизгуттæн æхе дзурдтæй балæдæрун кæнидæ, уотемæй. Æнæргъудийæй уиуонцæ æ зæгъуйнæгтæ, æма кизгуттæ балæдæрдтæнцæ, зинтæн фæразон тугъдон лæги уод цæйбæрцæбæл æхсист исуй...

Кувд ин ку искодтонцæ, уæддæр Хадзимурзæ исхудта Анусий æма е ’мбал кизгутти. Уати сæ исбадун кодтонцæ, исбадтæй сæ хæццæ фингæбæл æхуæдæг дæр. Еу рæстæги хатир ракурдта æма уатæй рацудæй æндæмæ. Уой фæсте сæмæ силгоймæгтæ еугай-дугайæй цæун райдæдтонцæ. Къæразгæй дæр сæмæ æрбакæсиуонцæ, дуарæй дæр. Ануси еци бон неци балæдæрдтæй, фал ин фæстæдæр Хадзимурзæ æ зæрдæ ку раргом кодта, уæд æ зæрдæбæл æрбалæудтæй, кувди бони æй уоститæ сæ цæститæй куд нихъуардтонцæ, е.

Закати Хадзимурзæ райгурдæй 1917 анзи, инсæй анзи ибæл ку исæнхæст æй, уæд службæ кæнунмæ рандæй. 1939 анзи сентябои мæйи уæнгæ раздæр службæ кодта Нигулæн Украини, уой фæсте ба Белоруссий. Уордигæй æй ракодтонцæ Финнаг тугъдмæ. 1940 анзи 5 январи хуарзæнхæгонд æрцудæй Тугъдон Сурх Турусай орденæй. Советон хецауадæ æма Финляндий разамунди федуди бардзурд ку исфедар кодтонцæ, уæд уой фæсте Хадзимурзи райййивтонцæ сахар Нальчикмæ бæхгин æфсади 10 дивизимæ. Уордигæй ба ’й 1941 анзи апърели райййивтонцæ Дзæуæгигъæумæ Фиццаг фестæгæфсæддон училищемæ. Каст æй фæцæй æхсæз мæйемæ æма ’й рарвистонцæ Керчи десантон бригадæмæ. (Ами дзубанди цæуй Фидибæстон тугъди цаутæбæл). Фæцæй цалдæр цæфи, бахаудтæй Еревани госпитæлмæ. Æнхæст не ’сдзæбæх æй, уотемæй æй фæлластонцæ Челябински облæсти сахар Кыштыммæ. Уордигæй æхе рарветун кодта фронтмæ. Нæуæгæй бабæй фæццæф æй, бахаудтæй Ворошиловгради госпитæлмæ. Æ бийнойнаг Ануси си фæстаг финстæг райста 1942 анзи 20 июни. Финста: дæн Брянски фронти тундзæг æфсади. Уæдæй фæстæмæ си нецибал райгъустæй.

Закати Битти хестæрти дзубандитæй куд багъуди кодта, уотемæй Хадзимурзæ уацари бахаудтæй æртæ хатти. Æртæ хатти дæр раледзидæ, дууæ хатти бæргæ фæййервазтæй, фал æй æртиккаг ба рамардтонцæ. Уацари дæр, загътонцæ, æ хуæрзеуæг æ хæццæ дардта – сапойни къæртти æй баримахста. Кæцидæр лагермæ Саулати Додтий хæццæ еумæ бахаудтæнцæ, зæгъгæ дæр дзурдтонцæ.

Хадзимурзæ æма Ануси сæ цард бабастонцæ, лæхъуæн нæхе сахари ку ахур кодта, уой размæ, 1941 анзи январи мæйи. Еумæ ци рæстæг рарвистонцæ, е куд кадавар рауадæй, куд кадавар! Анусий цæститæ æнгъæлмæ кæсунæй ниууорс æнцæ. Фæстаг хатт ма кæрæдзей фæууидтонцæ 1942 анзи 3 январи. Хæдзимурзæ уæд Керчæй æхсгæуад искодта æма нимадæй æ рази фæцæй дууæ бони æмæ дууæ ’хсæви. Æхе рази райгурдæй сæ еунæг бæдолæ, сæ бундор Владик. Фидæ цийнæ кодта, фæккастæй имæ æма ’й еу рæстæги сæрустурхузæй рафарста: «Мæхе хузæн нæй?»

Медгъæубæсти уогæй, Хадзимурзæн æ рæстæг уотæ цубур адтæй æма ’й æ тугъдон хабæрттæй ести радзорунмæ дæр некæд райевдалдæй. Еу хатт имæ Финнаг тугъди кой рауадæй: «Хъиамæти зумæг нæбæл искодта. Нæхе нæбал æхснадтан – бауæр дони гъæстæ фæцæй, уæд нискъудтæ уидæ. Къохтæ, цæсгон исарстан вазилинæй. Кæрæдзей нæбал бафæсмæрианæ, уотæ ниссау æнцæ нæ цæсгæнттæ...» Еу финстæги ба уотæ финста: «Цалинмæ Советон Цæдеси Бæгъатæр исуон, уæдмæ нæ ниууадздзæнæн!..»

Хадзимурзи мадæ Софийæй ахид уæхæн загъд исхауидæ: «Цалинмæ мæ фурттæ нæ фæззиннонцæ, уæдмæ мæ Хуцау ма рамарæд...» Æ хестæр фурт Гаврил фæммард æй Белоруссий зæнхæбæл, сахар Барановичи алфамбулай.

Ануси финста алли рауæнтæмæ, æ цардæмбал Мурзæн (уотæ хониуонцæ Хадзимурзи – Ред.) кæми будури, кæми хонхи, кæми сахари фескъудæй æ тугъдон над, зæгъгæ, агурдта ин æ фæдтæ æма бабæй ин аллихатт дæр дзуапп раттиуонцæ: мах номхигъдти уæхæн нæййес… мах бон уои фæййагъаз кæнун нецæмæй æй…

Хадзимурзæ æма Гаврили мадæ æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1953 анзи...

■




# ЦАЛИНМÆ СÆ ИМИСÆН, УÆДМÆ ÆГАС УОДЗÆНÆНЦÆ...

***Уони радзубандитæмæ скъоладзаутæ хъæбæр зæрдиагæй игъустонцæ, берæ цæбæлдæрти дæр сæ бафæрсиуонцæ. Ветеранти фæдзæхст кæстæртæн адтæй: алкедæр си гъæуама рæстудæй æновуд уа нæ Райгурæн бæстæбæл, цæттæ уа æ сæрбæлтау тохи æхсаргинæй бахъазауат кæнунмæ.***

Фидибæсти сæрбæлтау истохуни дзаман ку ралæууй, уæд Иристони тохунгъон дзиллæ нæ бæсти иннæ адæмихæттити минæвæртти хæццæ хъæмалвæстæй ратагъд кæнунцæ тугъди будурмæ, уодуæлдайæй бавдесунцæ сæ лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ нæ адæмæн дæр æма сæхецæн дæр кади ном искæнунцæ.

Абони дæр уотæ ’й – куд нæ Иристони еугур рауæнтæй, уотæ Заманхъули нæлгоймæгтæй дæр беретæ архайунцæ сæрмагонд æфсæддон операций сауæнгæ райдайæнæй ба нуриуæнгæ, се ’хсæн ес, паддзахадон хуæрзеугутæй хуарзæнхгин ка иссæй, уæхæнттæ.

Фал тугъд тугъд æй, гъулæггагæн, мæлæт æмдзо кæнуй нæ лæхъуæнти хæццæ. Куд Иристони иннæ гъæутæмæ, уотæ Заманхъулмæ дæр фудонхи хабæрттæ исигъустæй къуар хатти. Абони **Цæллагти Аслæнбег**, **Æгайти Æхсарæ**, **Багати Валери** æма **Сатцати Сæрмæт** æнцæ хъонци нимæдзи. Бæргæ дзурдтонцæ сæ ниййергутæн, цардæмбæлттæн æма сувæллæнттæн, уæлахезонæй уæмæ зиндзинан, зæгъгæ. Фал сæ дзурд исæнхæст кæнун сæ къохи нæ бафтудæй – сæ цард равардтонцæ нæ еугурей сæрбæлтау. Æма кæд абони не ’хсæн нæбал æнцæ, уæддæр сæ рохс нæмттæ ба цæргæ-цæрæнбæнтти байзайдзæнæнцæ нæ зæрдити, нæ гъудити, исонибони фæлтæртæ сæ дæнцæнæн хæсдзæнæнцæ.

Рахесфарси райони арæзт цæунцæ æдзард бæгъатæрти имисæн мадзæлттæ – уæхæн хъæппæрес равдиста бунæттон силгоймæгти Совет проект «Рæстæг равзурста мах»-и бундорбæл. Имисæн изæр арæзт æрцудæй Заманхъули бунæттон културон Хæдзари. Ами фойей ес гъæздуг цæстуингæ æрмæг гъæуи истори, æ бундорæвæргути туххæй. Устур Фидибæстон тугъди архайгутæ æма фæллойни раззагдæрти къартæ, нур ба ма си фæззиндтæй хецæн бунат, сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæй æ хæдзарæбæл сæрæгасæй ка нæбал исæмбалдæй, еци тугъдонти къартæ дæр. Ами син сæ хуæрзеугутæ дæр æрæвардтонцæ.

Фæууинæн ма си ес, Цæллагти Аслæнбег (æ фæсномуг – «Скиф») тугъди будурмæ ке хæццæ рандæй, Иристони еци туруса дæр. Æ уæле финст, знаги нихмæ ке хæццæ тох кодта, еци тугъдон æмбæлтти нæмттæ æма фæсномгутæ. Ку фæммард æй, уæд ин æй е ’мбæлттæ Иристонбæл исæмбæлун кодтонцæ.

Къартæй нæмæ кæсунцæ цардбæллон æригон нæлгоймæгтæ. Мадзали ка архайдта, еци ниййергутæ, хæстæгути цæститæ ба – цæстисугæй се ’дзаг, уотемæй син дзурдтонцæ сæ цардвæндаги туххæй. Еци бон цума Заманхъули цæргутæ сæ еугурдæр култури артдзæстмæ æрæмбурд æнцæ – алке дæр фæндадтæй се ’мзæнхон бæгъатæрти ном иссерун, Цæллагти, Æгайти, Багати æма Сатцати зингхуст тугъдонти ниййергути, бийнонти ристæй хай сæхемæ райсун.

Мадзали архайдтонцæ райони сæргълæууæг **Фрайти Сослан**, райони бунæттон администраций сæргълæууæги хуæдæййевæг **Цорæти Артур**, Гъæуи администраций хецау **Хадихъати Мухæдин**, гъæуи хестæр **Хадихъати Хъасболат**, гъæути хецæуттæ **Базрати Аслан**, **Гæлуати Заурбег**, райони ветеранти Совет æма Нихæси иуонгтæ, Алайнаг хъазахъаг æфсад, ахурадæ æма култури минæвæрттæ, хореограф, Уæрæсей култури æскъуæлхт косæг **Хъайтмæзти Мæдинæ**.

Фембæлд барæсугъд кодтонцæ бæгъатæртæбæл æмдзæвгитæ дзорунæй æма зартæй култури Хæдзари косгутæ æма скъоладзаутæ.

– Уæ зæрдрист, уæ хъонц уин уæддæр еуцæйбæрцæдæр фæмминкъийдæр кæнунæн нæ бон айдагъдæр е æй, æма сумах фарсмæ уæ зин сахатти æрбалæууун, – загъта æ радзубандий Фрайти Сослан. – Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** æма нæ еугурей номæй уин тæфирфæс кæнун, уæдта уин арфæ кæнун Райгурæн бæстæн уæхæн аккаг æхсаргин фурттæ ке исгъомбæл кодтайтæ, уой туххæй.

Арфи дзурдтæ ниййергутæ æма хеуæнттæн загътонцæ Хадихъати Мухæдин æма Хадихъати Хъасболат дæр.

Мадзалмæ ’рбацæгутæ ба райарфæ кодтонцæ имисæн изæр исаразгутæн – култури Хæдзари косгутæн, сæ сæргъи **Æгайти Алинæ**, уотемæй, уæдта рæвдауæндони коллективæн, гъæуи разамундæн, Беслæни сувæллæнтти аййевæдти скъола æма æ сæргълæууæг **Цæгæрати Альбинæн**, силгоймæгти Советæн.

*Олеся КРИВОВА,*
*æхсæнадон уацхæссæг.*

**Æртæ æма цуппаринсæй анзей размæ – 1941 анзи 5 декабри Мæскуй алфамбулай тугъди райдæдта советон æфсæдти æнтæстгин размæпурст немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ**

***Анатолий ДЗАНТИЕВ (1941-2021), заслуженный деятель искусств Северной Осетии: «В постоянно развивающемся искусстве Северной Осетии творчество Азанбека Джанаева занимает особое место. К какой бы области искусства мы ни обратились, нам непременно встретится имя этого художника. В своих произведениях он последовательно и с большой достоверностью воспроизвел***



ДЗАНАЙТИ Азанбег (Плити Иссæн ци хузæ искодта, уой рази).

# НÆРТОН ЛÆГИ

***Дзанайти Азанбеги туххæй берæ æрмæгутæ финст æрцудæй. Уогæ уонæн сæ фулдæр æнцæ æ исфæлдистади туххæй. Уомæ гæсгæ абони нæ газети ниммухур кæнунæн равзурстан æ хуарз æрдхуард Цæрикъати Османи фурт Маирбеги уац – е æй æвдесуй, куд адæймаг, уотæ циуавæр адтæй нæ номдзуд хузæгæнæг.***



**ЦÆРИКЪАТИ Маирбег**
(1927-2000)
Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг

Иристони разагъди хузæгæнгути кой кæнгæй, мæнмæ гæсгæ, Туйгъанти Махарбеги фарсмæ, фиццаги-фиццагидæр, æрæвæрун æнгъезуй Дзанайти Азанбеги. Айдагъ ирон культурæ æма аййевади нæ, фал æндæр рауæнти дæр уæхæн хуæдхуз исфæлдистадæбæл ахид не 'сæмбæлуй адæймаг. Азанбеги искурдиадæ уотæ берæвæрсуг адтæй, æма рахизтæй хузæкæнуйнади, графики, скульптури арæнтæй æма ибæл бафтудæй сценаристи, режиссери æма кинохузæгæнæги дессаги ацъагъуæ. Ци жанртæ ранимадтон, уонæй ин алкæмидæр хъæбæр дæсни æрмдзæф ке ес, е бæрæг æй æ уадзимистæй. Азанбег æ аййевадон стильмæ гæсгæ лæууй бæрзонд реалистон æмвæзадæбæл. Сауæнгæ æ федæни куститæмæ ци эскизтæ искодта, етæ дæр ахедунцæ уадзимисти хузæн.

Адæймаг деси ранигъулуй, хузæгæнæг æ еу февналдæй куд бæлвурд æма раст райаразта детальтæ, алкедæр си æ гакки куд исбадун кодта. Уой туххæй æй натурæ дæр некæд багъудæй – адæймæгути, бæхти, æндæр цæрæгойти æма предметти фезмæлдтитæ, вазуггин раййевæ-байййевæ æ цирен зæрди цæститæ уайтæккæ райахæссиуонцæ æма гæгъæдибæл цардæгасæй фегуриуонцæ.

Е 'рмадзи ку уинæ, уæд мин фиццагидæр ме 'ргом сæхемæ æздахтонцæ æ эскизтæ, дес кодтон – куд уинагæ 'й æ цæстæ, куд арф æнкъаруй æ уод, куд рæстдзæвийнæ 'й æ арм!

Æ равналæнтæ парахат æма идæрдтæбæл куд рахæссунцæ Азанбеги!

Хузæкæнуйнади æма графики къабæзтæ ин еугурæйдæр коммæгæс адтæнцæ: цардæй ист хузтæ, пейзаж, сорæт. Уой хæццæ, зæгъæн, цардæй ист хузти уинæн теми парахат масштабтæ, персонажти композицион æнаййеп райвæрд.

Дзанайти Азанбег æ хузæ «Алантæ»-й уæлдай ку неци исараздтайдæ, уæддæр æ ном æносмæ байзадайдæ нæ культури. Аци хузи ирдæй разиндтæй æ профессионалон тухæ, æ искурдиади парахат равналæнтæ си уинæн бæлвурдæй. Уогæ еу æма дууæ уæхæн хузи не 'саразта Дзанай-фурт. Ранимайдзæнæн си цалдæр: «Плити Исси бæхгин æфсад», «Демонстраци Батуми», «Тугъдтитæ Гизæли бунмæ», «Киндзи рахунд». Нарти кадæнгитæмæ гæсгæ ци иллюстрацитæ искодта, етæ Туйгъанти Махарбеги нæртон серий хæццæ еумæ иссæнцæ ирон национ графики сугъзæрийнæ фонд.

Сорæттæ финсуни аййевади Азанбеги искурдиадæ хъæбæрдæр рабæрæг æй Хетæгкати Къостай æма Тæбæхсæути Балой фæлгонцти. Уотæ арæхстгинæй архайдта хузæгæнæг скульптури дæр. Аци жанри æ хуæздæр куститæ 'нцæ «Бæхгин», «Зæронд лæгтæ», «Богæлттæ» æма æндæртæ.

Æ искурдиадæ берæвæрсуг æма ахедгæ ке адтæй, уобæл дзорæг æй, Азанбег кинематографий ци исаразта, е. Профессионал нæ адтæй, уотемæй ин еу февналдæн бантæстæй сценари ниффинсун æма æнхæстметражон аййевадон кинонивæ «Ирон легендæ» исесун. Равдистонцæ æй еугурцæдесон экрантæбæл дæр. Кино фæлдесгæй ин устур агъаз фæцæй æ хузæгæнæги искурдиадæ – хузтæ есгæй дæр, дарæсти хабæрттæ кæнгæй дæр. Кинонивæбæл адæм исæмбалдæнцæ хъæбæр æхцæуæнæй, хуарзбæл æй банимадтонцæ профессионалон критиктæ. Азанбеги е исразæнгард кодта нæуæг кинонивæ исесунмæ – аци хатт ирон адæмон бæгъатæр Кермени туххæй. Сценари цæттæ адтæй, уотемæй Дзанайти хузæгæнæги гъостæбæл æрцудæй, финсæг Плити Грис, дан, студи «Гурдзистон-фильм»-и хæццæ дзубанди кæнуй æхе сценаримæ гæсгæ Кермени туххæй кинонивæ исаразунбæл. Хузæгæнæг æма финсæги 'хсæн рауадæй хъаугъа, гъуддаг гъæуама сауæнгæ тæрхондонæмæ дæр бацудайдæ. Партий обкоми уæди секретарь Хъæбæлоти Билари фæрци тæрхондони уæнгæ не 'рхъæрттæй хабар: рæсугъд нæ адтайдæ дууæ номдзуд лæгей буцæу æнæгъæнæ республикæбæл ку райгъустайдæ, уæд. Азанбеги фæндадтæй рæстдзийнадæ, е æй куд лæдæрдтæй, уотемæй исбæрæг кæнун, æма имæ уотæ кастæй, цума Хъæбæлой-фурт æ надбæл æрлæудтæй. Е ин хъæбæр зин адтæй æма имæ сæрмагонд финстæг барвиста – æ зæрди ци маст исæмбурд æй, уой еугурæйдæр, дзурдтæбæл нæ ауæрдгæй, искалдта. Аци хабæрттæ æз берæ фæстæдæр базудтон. Хузæгæнгути Цæдеси сæрдарæй ку кустон, уæд мæмæ ееуæхæни министрти Совети сæрдари хуæдæййевæг Узегати Солтан телефонæй æрбадзурдта, Хъæбæлоти Билар, дан, коруй, цæмæй уæ Цæдеси æрдзоронцæ Абойти Заурбеги кадгин ном «Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг»-мæ бавдесуни фæдбæл фарстабæл.

Заурбеги æз хуарз зудтон, æ исфæлдистади хæццæ зонгæ адтæн, кæд е Мæскуй цардæй æма куста, уæддæр. Аргъ ин кодтон куд адæймаг æма куд хузæгæнæг – кадгин ном ин раттонцæ, уой нихмæ нæ адтæн. Фал хузæгæнгути Цæдеси правлений аци фарстабæл ку дзурдтан, уæд ма си æндæр фæндон фæззиндтæй: Дзанайти Азанбеги ба, дан, «УСФСР-и адæмон хузæгæнæги» ном раттунмæ бавдесæн. Еци дууæ фæндонебæл исарази 'нцæ хузæгæнгутæ, æма æз хабар Узегати Солтанæн балæдæрун кодтон.

Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте мæмæ Солтан æрбадзурдта æма мин уотæ, Хъæбæлоти Билар, дан, Азанбеги еци кадгин номмæ бавдесуни нихмæ æй – цæмæн, уой дæр мин цубурæй загъта.

Хузæгæнгути Цæдеси правлени аци гъуддагмæ ци цæстæй ракастайдæ, е мæ цæститæбæл рауадæй, æма исфæндæ кодтон Биларæн æхе хæццæ радзорун. Бацудтæн имæ æ косæнуатмæ. Билар мин балæдæрдтæй мæ цуди сæр æма æвеппайди уотæ:

– Кæд Дзанай-фурти туххæй æрбацудтæ, уæд дин æй рагацау зæгъун – гъуддагæй неци рауайдзæнæй...

Уæддæр мæмæ, зæгъун, байгъосæ. Æма ин ракодтон Азанбеги хабæрттæ сæрæй бунмæ, еци номи аккаг ке æй, е ди, зæгъун, баруагæс уæд. Билар мæмæ кæронмæ байгъуста, уæдта уотæ, еци номи аккаг ке æй, уобæл, дан, нæ цæуй дзубанди, фал æхе куд даруй, е æй рагъуди кæнуни аккаг. Æма мин райхалдта æ зæрдрист. Устур аргъ, дан, кодтон Дзанай-фуртæн, бæрзонд, дан, ин æвардтон æ искурдиадæ, кинонивæ «Ирон легендæ» ку



ДЗАНАЙТИ Азанбег. «Хетæгкати Къоста – хузæгæнæг».



# НÆРТОН ФÆЛЛÆНТТÆ

аразта, уæддæр имæ фæккастæн – кинопленкæй, оператортæй, транспортæй. Никки ма, дан, бæрнон бунæтти ка куста, уонæн бафæдзахстон, алцæмæй дæр имæ фæккæсетæ, зæгъгæ, агъаз гъæуагæ æй ма уадзетæ. Уой фæсте ба, дан, мæмæ уæхæн æнахъæл, æфхуæрæн дзубандитæ ку ниффинста, уæд десæй куд нæ рамардтæн! Билари гъæлæси маст уойбæрцæбæл нæ адтæй – фудæнгъæл ке фæцæй, уобæл тухстæй хъæбæрдæр. Фал уæддæр фæстагмæ загъта:

– Искурдиадæн берæ гъуддæгутæ хатиргонд цæуй, гъема, Дзанай-фуртæн дæр хатир фæуувæд.

Нæ дзубанди зинтæй цудæй, фал, Хуцауæй арази, æ кæрон хуарз рауадæй. Гъе æцæг аци фарста уобæл нæ ралух æй. Цæйбæрцæдæр рæстæг ку рацудæй, уæд дин кæсун æма еу бон мæ косæнуатмæ, мæстæй цæхæртæ калгæй, ку 'рбалæборидæ Азан. Кадæр ин фегъосун кодта, обкоми бюро, дан, унаффæ рахаста, дæуæн кадгин ном «УСФСР-и адæмон хузæгæнæг» раттуни туххæй. Æ пурхæ мæбæл искалдта, мæн æнæуой, дан, мæ цæмæн бавдистайтæ ециноммæ. Мæ сæр æй не 'рлæдæрдтæй, уотæ хъæбæр цæбæл исмæстгун æй, уой, цалинмæ мин нæ балæдæрун кодта, партий къохæй мæ неци есун фæндуй, зæгъгæ, уæдмæ.

– Æма дин ци кодта парти? – бафарстон æй æз.

Æма мин радзурдта Плити Гриси хæццæ се 'хсæн ци рауадæй, уой. Билар, дан, партий номæй ме 'знаги фарс радзурдта. Цæмæй гъуддæгутæ кæронмæ базудтайнæ, уой туххæй мæ е 'рмадзæмæ бахудта æма мæмæ равардта, Хъæбæлой-фуртмæ ци финстæг ниффинста, уой къопи. Устур деси куд нæ ранигъулдайнæ, æ бафхуæрæгмæ цитæ ниффинста, уони ку бакастæн, уæд: эпитетти тæккæ карздæртæбæл нæ байаурста, искалдта æ мæститæ еугурæйдæр.

Хъæбæлой-фурти фæндадтæй, дууæ дзурддзæугæ лæгей 'хсæн ци буцæу рауадæй, уой райеуварс кæнун, цæмæй культури косгути æведауцæ миутæ адæмбæл ма рапурхæ адтайуонцæ. Еци еугур хабæрттæ Азанбегæн фæддздзурдтон, фал имæ, цума, мæ дзубандитæй неци багъардта. Фæстагмæ уотæ дæр ма загъта, ци ном мин равардтонцæ, уой райсунмæ дæр, дан, нæ бацæуудзæнæн. Æма, æцæгæй, диплом дæттунмæ ку 'рцудæй гъуддаг, уæд æхе фæттиллеф кодта. Уой фæсте мæмæ Сæйраг Совети президиумæй фæдздзурдтонцæ, æма диплом рахастон, Азанбегæн æ хæдзарæмæ бацудтæн, кадæ æма радæй ибæл æй исæмбæлун кæнон, зæгъгæ. Цæй кадæ æма радæ! Диплом райста æма 'й æ тумбочкæмæ багæлста, мæнæн ба уотæ, фæйнæ, дан, баниуазæн. Æз ин исрæуонæ кодтон, цидæр гъуддæгутæ мæ ес, зæгъгæ, æма рацудтæн.

Гъе уæхæн адтæй Дзанайти Азанбег – галеу миутæ нæ хатир кодта, адтæй цæхгæрмæ



ДЗАНАЙТИ Азанбег. «Киндзи рахунд».

принципиалон, æ позицитæбæл лæудтæй хъæбæр федарæй, мæнгæ демократийæй æ исæфт уидта, кедæрти хузæн аллихузи нæмттæмæ, регалитæмæ нæ бæлдтæй. Æнæуой царди ба адтæй сувæллони хузæн хæларзæрдæ, æнæхийнæ. Ходгæ ефстагмæ кодта, фал ку баходидæ, уæд æнæгъæнæй дæр раргом уидæ æ сæйраг менеуæг – адæмуарзондзийнадæ. Æ царди туххæй ма еу уæхæн хабар: дзаумауæй дæр, хуæруйнагæй дæр æнхæст некæд адтæй, уæдта уомæ бæлгæ дæр нæ кодта. Æ исфæлдистадон кусти тухxæй ести къапеккитæ ку райсидæ, уæд си æлхæдта профессионалон литературæ, уæдта кино есунæн ци гъудæй, уони. Уомæ гæсгæ алкæддæр æйййафта æхца гъæуагæ, фал бухстæй мæгур цæрдтитæн. Бустæги зин уавæри ку бахауидæ, уæлдайдæр имæ иуазгутæ ку фæззиннидæ, уæд æфстау дæр райсидæ. Е 'рмадзæ хузæгæнгути Цæдеси тургъи адтæй, æма мæмæ еуæй-еу хатт æрбауаидæ мæ кустмæ, еуминкъий мин æхца февæрæ, зæгъгæ. Никки ма бæлвурд æмгъуд искæнидæ, уæд дæбæл исæмбæлдзæнæй, ци ди райстон, е, зæгъгæ. Еу уæхæн хабар дæр нæ гъуди кæнун, æма афойнадæбæл ма бафистайдæ е 'фстау. Фал сæйраг е нæй. Хузæгæнгути Цæдеси уæди рæстæгути адтæй сæрмагонд хигъд – исфæлдистадон агъаз, зæгъгæ. Еуæй-еуетæ æгæр ахид дæр ма пайда кодтонцæ еци хигъдæй. Азанбегæн ба ку зæгъианæ, курдиадæ рафинсæ, зæгъгæ, уæд æ къох ракъуæридæ. Куддæр имæ æгадæ кастæй æма еунæг хатт дæр нæ ниффинста фæйййагъаз кæнуни туххæй курдиадæ.

Мæ цубур имисуйнæгти кæрони ма уой зæгъуйнаг дæн: кæд Азанбег нæ аййевади агъазиау фæд ниууагъта, уæддæр æ еугур исфæлдистадон хъауритæ равдесун æ къохи нæ бафтудæй – æнафони мæлæт æй не 'хсæнæй ратудта. Берæ фæндитæ ма имæ адтæй, берæ цидæртæ исаразунмæ бæлдтæй, фал ин нæбал бантæстæй. Ци бунтæ ин байзадæй, уонæн дæр кæронмæ аргъгонд нæма æрцудæй, æма е ба нæ аййевадæртасгутæмæ хауй.



ДЗАНАЙТИ Азанбег. «Поэмæ бæхи туххæй».



ДЗАНАЙТИ Азанбег. «Æригон фиййау».



ДЗАНАЙТИ Азанбег. «Тæбæхсæути Бало Отеллой роли».

***Туркկаг зундгонд ахургонд М.Айдын Туран кæддæр уотæ финста: «Цæликкати Темболати фурт Ахмæт цардæй æзмæнст æма хæлхъой доги, устур тохтæ кæми цудæй, устур нихмæлæуддзийнæдтæ æнгъезæги кæми æнгъизтæнцæ, уæхæн доги. Æма цийфæнди уавæрти дæр адтæй Лæг...»***



Хузæ ист æй социалон хизæгтæй

# РАСТ НАДБÆЛ ЛÆУД ÆМЗУНД АДÆМИ РАЗИ ХОНХ ДÆР НЕЦИ ÆЙ!..



**ЦÆЛИККАТИ Ахмæт**
(1882– 1928)
финсæг, публицист

Дзиги иннæ уатмæ балигъдæй. Мæ зæрдæ рæхуститæ кæнуй. Æ фæсте бацæуинæ æма ин зæрдитæ райвæринæ? Кенæ ба, уадзæ æма ракæуа, фенцондæр ин уодзæнæй. Дзигийæй уæлдай ку неке ес мæнæн дæр. Бустæги, миййаг, ку нæ хецæн кæнæн кæрæдземæй. Æнæуой кæд бустæги æй, уæддæр ин ка ци зонуй. Аци æзмæнст æма æнæхайир рæстæги адæймагмæ ци не ’нгъæлмæ кæсуй...

Æзинæ Дзигий нанамæ рарвистон хонхмæ. Абони сæумæй Османи хæццæ хæдзари дзаумæуттæ æртæ уæрдунеми байвардтан, æма е дæр хонхмæ рандæй.

Мæ синхæгтæ сагъæси бацудæнцæ. Æнгъæлунцæ, æма цидæр тæссаг хабар зонун æма ’й уонæй римæхсун. Бафæрсунцæ мæ: дæ мадæ, дæ фиди хатирæй æй махæн дæр зæгъæ, æма нæ сæртæн ести унаффæ бакæнæн. Уæхæнæй си неци ес, зæгъгæ, син зæрдитæ æвæрун, фал си не ’руагæс кæнуй, уайдзæфтæ мин кæнунцæ: гæрр, нæ фидтæлтæ æнсувæрти хузæн ку фæццардæнцæ, сæ зиан дæр æма сæ цийнæ дæр еумæйаг ку адтæй, цæнхæ æма кæрдзин еумæ ку хуардтонцæ.

Фал син мæ идарддæри цард фæндитæ куд гъæуама раргом кæнон? Фæстаг хатт æрзилдтæн тургъæбæл. Мæнгæхæдзарæбæл къума куд æвардтон, уотæ мæ размæ фæцæй Домбай. Æ къæдзелæ телгæй, мæ размæ ’рбауадæй.

– Мæнæ ми куд æрбайронх дæ, мæ рагон æмбал æма хæдзаргæс. Ардæмæ рауайæ, Домбай!

Мæ фæндаггагæй ин къерей æмбес æма фиди хай равардтон. Цалинмæ хуæрд фæцæй, уæдмæ бангъæлмæ кастæн. Уæдта ин рæхис æ хъурбæл бафтудтон.

– Цæуæн, Домбай, фусун дин байагорæн. Зæронди бонти нæуæг рауæн æрцæрунæй зиндæр ке неци ес, уой бæргæ лæдæрун, фал æндæр гæнæн нæййес. Хъисмæтæй некумæ райервæздзæнæ.

Рæзæдонæмæ рацудан. Кауи иннæ фарс – мæ зæронд синхаг Батрази хæдзарæ.

– Кæми дæ, мæ синхаг? Æндæмæ ракæсæ, – дзорун имæ кауи сæрти.

– Кæци дæ? – хæдзарæй радзурдта Батраз. – Кæци дæ?

– Æз дæн, æз – Албег.

– Аллибон æгасцо, Албег. Фæццæун дæмæ, дæ рунтæ бахуæрон.

Æ кæрцæ æ усхъитæбæл гæлстæй рацудæй хæдзарæй.

Салам равардтан, куд дæ, ци дæ, зæгъгæ, рафарстан нæ кæрæдзей.

– Цæугæ кæнун, Батраз, цæугæ.

– Цæугæ зæгъис? Фæсевæд дин еу рауæн фæстеуат кæнун фæразунцæ? Фæндараст уо, фæндараст, Уасгергий иуазæг уо!..

– Устур курдиадæ мæмæ ес дæумæ, Батраз.

– Уæллæй, цидæриддæр зæгъай, уой бакæндзæнæн... Нæ фæсевæд, бæргæ, еугурæйдæр дæу хузæн ку уайуонцæ, алкæмæн дæр Хуцау уæхæн синхаг ку раттидæ. Баруагæс ди уæд, Албег, дæ цæрæнбони туххæй кæми нæ раседун, еунæг уæхæн фингæ дæр нæ фæууй.

– Гъема дæ кувдтитæ ’рцæунцæ, æма уой туххæй уæхæн æнæнез дæн, – ниххудтæн æз.

Ходуй Батраз дæр.

– Хуцау ди исарази уæд, Батраз. Дуйнедарæг дин берæ цæрæнбонтæ раттæд. Цæугæ кæнун æма хæдзарæ æдзæрæг уодзæнæй. Æцæг си мæнæ мæ зæронд æмбал байзайдзæнæй, – райамудтон Домбаймæ.

Уобæл ке цæуй дзубанди, уой балæдæрдтæй куй æма æ гъунгун къæдзелæй зæнхæ ’рхуаста.

– Дæу евгед æй уадзун, мæ хуарз синхаг. Стонгæй рамæлун æй ма бауадзæ. Мæнæ дин е ба æ харз, – бадардтон имæ æхца. – Æхцай нецибал кадæ ес, фал Домбаййи фагæ кæд разинниуонцæ.

Батраз æхца нæ комуй, дæ зæрдæ имæ ма дзорæд, зæгъгæ, мин нифситæ æвæруй. Фал ин уæддæр æхца æ курæти дзиппи куддæртæй ратъунстон.

Фæстаг хатт æрсæрфтон Домбаййи сæр æма нæхемæ рацудтæн.

Батраз куййи æ сарайи цæгиндзæбæл бабаста. Нæхстæр кæнгæй мæ ку фæууидта Домбай, уæд баст ратонунмæ гъавта, мæ фæдбæл рæйуй, рæхиси дзæгъал-мугъул цæуй. Æ бон ку базудта, уæд зæнхæбæл æрхустæй æма неун райдæдта.

Къæрæзгитæ исæхгæдтон, дуæрттæбæл къума исæвардтон, мæ хизин æма хурдзинтæ райстонцæ æма Азæмæтмæ рандæ дæн. Нæхстæрæрвонгæй æй баййафтон.

Минути фæсте нимæт æма баслухъи тугъдæй ранæхстæр дæн, неке мæ базудта.

Над цæуй уæлмæрдти рæзти.

– Фæуурамæ, – дзорун Азæмæтмæ.

Бæхтæ нæма æрлæудтæнцæ, уотемæй æргæпп кодтон линейкæй. Рагвæззæги уазал бон. Мет нæма рауардта, фал думгæ цæсгон хуайуй, арв æй гъунтъуз. Рагон циртитæ бæзгин гъунай буни фæцæнцæ. Æртæ хъазар циртемæ бахъæрттæн. Астæуæй – мæ фиди цирт, æ рахес фарс – мади цирт, галеуæрдигæй ба – Фаризæти цирт. Фиди цирт фæттар æй, æ финститæн бакæсæн зинтæй ес, иннæ дууæ нæуæгамад циртити финститæ æма хузтæ ба дзæбæх зиннунцæ.

Сæргубур æма æдзæмæй лæуун. Мæ цæститæбæл рауадæй мæ цард еугурæйдæр, сауæнгæ сабийбонтæй нуриуæнгæ, фæстаг рæстæги гъезæмæрттæ.

– Дзенети цъæх кæрдæгæй æма уин Зæмзæми сауæдонæй уæ хай уæд. Хуæрзауодæн кæнетæ, – дзорун сабурæй.

Циртитæбæл мæ къох æрæвардтон æма тагъд-тагъдæй фæстæмæ раздахтæн.

– Рахуæцæ, Азæмæт!

Думгæ нæуæгæй ниццавта цæсгон. Фæстегæй райзадæнцæ гъæу æма уæлмæрдтæ дæр.

■

***(Кæрон. Райдайæн 44-аг номери.)***

# Æ ФИДИБÆСТÆН УОДУÆЛДАЙÆЙ ЛÆГГАДÆ КОДТА...

Цæликкати Ахмæти финст роман «Æнсувæр æнсувæри нихмæ» («Брат на брата») бæргæ цæмæдесаг уадзимис æй, фал æй нæ газети æнæгъæнæй ниммухур кæнуни равгæ ба нин нæййес – æгæр устур æй. Фал си уæддæр ци скъуддзаг (æ кæронбæттæн) рамухур кодтан, е дæр, махмæ гæсгæ, гъæуама сагъæсти бафтауа, нæ абони цардарæзти хабæрттæ æма цаутæ цийфæндиаг кæмæн нæ ’нцæ, уони.

Махæн нæхемæ дæр уой фæдбæл ес зæгъуйнæгтæ æма син сæ кой æнæмæнгæ ракæндзинан нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми. Абони ба нæ фæндуй Цæликкати Ахмæтæн æхе туххæй цубурæй зæгъун. Уотæ ба нæ уомæ гæсгæ бафæндадтæй, æма æ уадзимиси кæрони æ сæйраг хъайтар уæди æверхъаудзийнæдти фудæй фæлледзæги æй æ фидиуæзæгæй. Уотæ æ рæстæги Цæликкати Ахмæт, номдзуд паддзахадон архайæг æма финсæг, фæлледзæги æй æ райгурæн бæстæй. Æвæндонæй æма зæрдристæй. Цæликкати Ахмæти цардвæндаги цубур радзубандийæн испайда кодта, роман «Брат на брата» ирон æвзагмæ тæлмацгондæй журнал «Мах дуг»-и мухургонд ку ’рцудæй (2002 анзи 9-10 номерти), уæд ин филологон наукити доктор Салæгати Зойæ (1924-2011) ци раздзурд ниффинста, уомæй.

Цæликкати Темболати фурт Ахмæт адтæй айдагъ Иристон æма Цæгат Кавкази нæ, фал Уæрæсей дæр тæккæ нимадидæр лæгтæй еу. Газетти æма журналти æ уацтæ, æ литературон уадзимистæ зиннун райдæдтонцæ XX æноси райдайæни. Уой хæццæ айдагъ литератури куст нæ кодта, фал ма уагъта газеттæ, журналтæ (альманахтæ), киунугутæ: 1910 анзи Бакуй рауагъта альманах «Утро гор», 1915-1916 æнзти газет «Суз» («Дзурд», Мæску), 1919-1920 æнзти газеттæ «Вольный горец» (Тифлис), 1920 анзи газет «Нæуæг цард» (иронау, Тифлис) æма «Ени Дуния» (тюркагау, Тифлис). Æ киунугтæ «Чаша жизни» (Мæску, 1912), «Кавказ и Поволжье» (Мæску, 1913), «В горах Кавказа» (Мæску, 1914) зундгонд адтæнцæ айдагъ Иристони нæ, фал иннæ регионти дæр.

Ахмæт райгурдæй 1882 анзи Пусулмонгъæуи (нури Нæуæггъæуи). Каст фæцæй Стъараполи гимнази æма Мæскуй университети юридикон факультет. Студент уогæй дæр æ гъос дардта æхсæнади гъуддæгутæмæ, архайдта политикон æма идеологон карз тохти, иссæй Уæрæсей социал-демократон косгути партий иуонг æма ’й цалдæр хатти æрахæстонцæ. 1905-1907 æнзти революци састи бунати ку байзадæй, уæд радзурдта косгути æнæпартион съезд исаразуни фарс, æма ’й В.И. Ленин искритикæ кодта.

Цæликкати Ахмæт «кæрæдзебæл баста УСДКП-ий Терки – Дагестани æма Цæгат Кавкази цæдестæ, уæдта Дзæуæгигъæуи, Кубани æма Армавири комитетти куст. Парахат кодта пусулмæнтти национ ирæзти гъудитæ» (С.М. Исхаков. Политические деятели России. 1917, М., 1993, 336 ф.)

Империй берæ æносон историй Пусулмæнтти еугуруæрæсеуон Совет фиццаг хатт фæззиндтæй 1917 анзи 11 майи – бæсти пусулмон адæмти съезди унаффи фæсте. Советти (Милли Шуройи) сæрдарæй æвзурст æрцудæй Цæликкати Ахмæт.

Октябри революций агъоммæ Ахмæт иссæй цуппæрæймаг Думи депутат (адтæй пусулмон бюрой сæргълæууæг). 1917 анзи 25 мартъий (Ленин эмиграцийæй ку ’рбаздахтæй, уомæй раздæр) æргомæй тох кæнун райдæдта тугъди нихмæ (Рæстæгмæ хецауади фæсарæйнаг гъуддæгути министр П.Н. Милюков ба тугъд кæронмæ рахъæртун кæнуни фарс адтæй). Июнæй декабри уæнгæ Цæликки-фурт куста «Известия Всероссийского Мусульманского Совета»-йи редакторæй.



**Рахесæрдигæй дуккаг – Цæликкати Ахмæт, æ фарсмæ бадуй æ мадæ Гиго, уой фарсмæ ба лæууй Ахмæти хуæри кизгæ Цопанати Дибæхан. Еугурей разæй – Ахмæти кæстæр æнсувæр Шамил. Кæрæнтти ка лæууй, еци дууæ лæги ка ’нцæ, е ба бæлвурд нæй.**

**Геуæргибони, 3 декабри, бæрæггонд цæуй дууæ бæрæгбони: бауæрæй сахъат адæймæгути Æхсæндуйнеуон бон æма юристи Бон.**



**Пусулмон политикон эмигранттæ Тифлиси 1920 анзи. Бадунцæ (рахесæрдигæй галеуæрдæмæ): Шариф Манатов, Цæликкати Ахмæт, Мустафа Шокай. Лæуунцæ (рахесæрдигæй галеуæрдæмæ): Султан Альдиев, Омар Терегулов, Усман Токумбетов.**

Куд зонæн, уотемæй еци рæстæг сæйраг столицæмæ нæхстæр кодта, Гъæддаг дивизи ке худтонцæ, е – революций фарсхуæцгути нихмæ тох кæнунмæ. 31 августи, Дно, зæгъгæ, еци станици Цæликкати Ахмæт исæмбалдæй дивизий командæгæнгути хæццæ æма сæ исарази кодта сæ фæндæ раййевунбæл: сахари цæргутæй мингæйттæй фæййервазтæнцæ мæлæтæй.

Цæликки-фурт ахид дзурдта пусулмæнтти Еугуруæрæсеуон æмбурдти. Ш. Манатови дзубандимæ гæсгæ, В.И. Ленин 1918 анзи январи фембалдæй Сæрæвæрæн æмбурди иуонгтæ Ш. Манатов æма М. Вахитови хæццæ æма загъта, хуарз, дан, уайдæ Цæликкати Ахмæти советон хецаудзийнадæ ʼрдæмæ раздахун. Манатов æма Вахитов радзубанди кодтонцæ Ахмæти хæццæ, фал е æ зундирахаст нæ раййивта.

Уомæй раздæр ба (1917 анзи 1 декабри) Цæликки-фурти хæццæ фембалдæй И.В. Сталин. Ахмæт ин загъта: пусулмæнттæ советон хецауади фарс нæ рахуæцдзæнæнцæ.

1918 анзи 22 майи Уæрæсей Нацадком Милли Шуройи куст бауорæдта, æма Ахмæт исæздахтæй Иристонмæ. Терки бæсти адæмти 4-аг æмбурди æй равзурстонцæ Терки Адæмон Совети ирон фракций иуонгæй. Фæстæдæр ба ʼрлæудтæй Кавкази адæмти меджлиси сæргъи (Калаки). Гурдзий советон цардæвæрд ку ʼрфедар æй, уæд Ахмæт æхе райста фæсарæнтæмæ. Фиццаг рафтудæй Константинопольмæ, уæдта Чехословакимæ æма Польшæмæ. Чехословакий Ахмæт уадзун райдæдта журнал «Кавказский горец» (1924 анзи). 1926 анзи Праги геппи уагъд æрцудæй æ роман «Брат на брата».

Ахмæт æ цардæй рахецæн æй 1928 анзи 2 сентябри Варшави. Е ʼмбæстаг Елехъоти Тамби журнал «Горцы Кавказа»-йи фиццаг номертæй еуеми финста, зæгъгæ, Ахмæт сауæнгæ эмиграций зиндæр æнзти дæр æууæндтæй уруссаг демократий гъомусадæбæл, фал æй фæстæдæр царди зелдохтæ æма цæлхъитæ уæхæн хатдзæгмæ ʼркодтонцæ: Кавкази адæмтæн сæ политикон хуæдбарæдзийнадæбæл тохи зæрдæдаргæ некæбæл æй, сæхецæй уæлдай.

Номдзуд лæги рамарди туххæй фегъосун кодтонцæ газет «Курьер Варшавский» (польшаг æвзагбæл), Парижи уруссаг газет «Последние новости», Берлини уруссаг газет «Руль» æма иннетæ.

Уæди рæстæгути Парижи уагъд цудæй журнал «Горцы Кавказа». Æма Салæгати Зойæ æ раздзурди куд финсуй, уотемæй уоми (1929 анзи 8-9-аг номерти) мухургонд æрцудæй Ибрагим Чулики (цæцæйнаг политик, æфсæддон архайæг, журналист, цардæй эмиграций Европи) уац, кæцими е уотæ финста: «Стать в качестве друга и брата к близким, быть истинным сыном отчизны и посвятить себя на безвозмездное служение народу – дело великое, требующее воли сильной непоколебимой. Таким был Ахмед...»



**Цæликкати Ахмæт (галеуæрдигæй дуккаг, лæдзæги хæццæ) «Майкопская газета»-йи редакций косгути хæццæ.**

# МЫ ИМЕЕМ ТОЛЬКО ОДНО ЕДИНСТВЕННОЕ ПРАВО – ПОМНИТЬ!..

Более 170 событий пройдут в стране в год празднования 80-летия Великой Победы. Об этом рассказали министр культуры Ольга Любимова, глава Союза театральных деятелей России Владимир Машков и исполнительный директор Всероссийского общественного движения «Волонтеры Победы» Анастасия Рябова.



– 80-летие Победы – важнейшее событие 2025 года, святая дата, код национальной идентичности, – подчеркнула Ольга Любимова. Министр культуры анонсировала запуск официального сайта празднования – may 9.ru, где можно следить за афишей событий, смотреть фильмы о Великой Отечественной войне и читать статьи о важнейших военных операциях.

Владимир Машков презентовал логотип 80-летия Победы – образ легендарной скульптуры «Родина-Мать» с Георгиевской лентой и цифрой 80.

– История нашей общей победы складывается из судеб миллионов сограждан, это великая история самопожертвования русского народа ради мира на земле. Победа досталась нам очень большой ценой, и если каждого погибшего почтить минутой молчания, мир замолчит более чем на 50 лет, – сказал Владимир Машков. – Образ Родины-Матери стал символом несокрушимости духа, каждый найдет в нем свою гордость, свою память и свою победу.

Ольга Любимова отметила, что подготовку к празднику активно ведут и самые прославленные учреждения культуры в столицах, и самые небольшие в регионах.

– Нет такого музея или библиотеки, которые бы не готовились к этой дате. Мы рассчитываем, что в каждом регионе будет возможность вспомнить героев места, где ты родился. Праздник должен состояться не только на улицах, в музеях и театрах, но и в каждой семье, – уверена министр.

– Мы не можем позволить себе забыть о тех величественных и страшных событиях. Помнить о них особенно важно сейчас, когда западные страны переписывают историю и перечеркивают вклад нашего народа в победу над фашизмом. Донести правду до следующих поколений – наш долг, – продолжил Владимир Машков.

**Вадим ПОПОВ**

*Мы уходим – очевидцы,*
*те, кто в битвах уцелели.*
*Как нам тут не удивиться:*
*мы все это одолели.*

*Повторяем в беге буден*
*и твердим в заботах быта,*
*что никто забыт не будет*
*и ничто не позабыто.*

*И считаем: долг исполнен,*
*он в победе, но не только.*
*Имена, конечно, помним,*
*ну а безымянных сколько?*

*Мы уходим – очевидцы,*
*оставляя память – пламя.*
*Не забудьте наши лица*
*за весельем, за делами…*

В планах на юбилейный год выставка «Великая Отечественная война. Документы и артефакты», которую проведет Госархив. Ряд экспозиций представит Музей Победы. Выставка «80 лет под знаком Победы» сделает акцент на достижениях восьми послевоенных десятилетий. Весь год события, связанные с Победой, будут проходить в Музее кино. Большой театр отправится с гастролями в Самару, где работал в эвакуации. Пройдут такие акции, как «Свеча памяти», «Сад памяти», Георгиевская ленточка, Бессмертный полк, Диктант Победы. Добавятся новые проекты – «Чтения Победы» с участием звезд кино и театра, «Победа одна на всех», «Медицинский полк».

Большую работу проводит волонтерское движение – «Волонтеры Победы», Росмолодежь, «Движение Первых», общество «Знание» и многие другие.

– Ежедневно мы будем продолжать оказывать помощь ветеранам, – рассказала Анастасия Рябова. – Каждый желающий сможет принять участие в благоустройстве памятных мест и воинских захоронений. Вызовом станет формирование международного волонтерского корпуса 80-летия Победы более 500 тысяч добровольцев помогут в организации всех праздничных мероприятий. Для этого мы откроем центры подготовки добровольцев во всех регионах страны. Уже открыто более 20 центров, до конца года заработают остальные. Причем не только у нас в стране, но и за рубежом.

***Инга БУГУЛОВА***
***«Российская газета»***
***№263 от 20 ноября 2024 г.***

**СТАНЬ ЗАЩИТНИКОМ ОТЕЧЕСТВА!..**



☺ ☺ ☺
***Когда муж ушел на рыбалку без удочки, жена начала подозревать, что у него есть вторая удочка.***

☺ ☺ ☺
***Два года дед опрыскивал ГМО-химикатами колорадского жука. На третий год жук уже сам помогал деду окучивать картошку.***

☺ ☺ ☺
***Теперь у меня есть основной критерий при выборе новой кружки: ее диаметр должен быть меньше ширины телефона.***

## ЗИЙНАДÆГÆНАГÆ ÆСТОНГÆЙ МАРДÆЙ, УÆДДÆР СОР КЪÆБÆРТÆ НÆ КУМДТА – ФÆЛДАЙУН, ДАН, СÆ ГЪÆУЙ...



# ÆРГЪÆВСТ ЦЪЕУИ КАСТ КÆНУЙ...

***Мæнæ сæргондæн ци загъд рахастан, е нин нæ рагфидтæлтæй байзадæй. Уотæ зæгъиуонцæ, тухст уавæри ка бахауидæ, æма уомæй фæййервæзунбæл архайунгъон ка нæ уидæ, уæхæн адæймаги туххæй. Æма ни алкедæр гъæуама зона: дæ бон ци æй, уомæй раузон-циуон уо. Æндегæй мет уаруй æма уазал æй? Е дин рæуонæ ма уæд – дæ гъар уати дæ бадæнæй исистæ, æндæмæ рацо æма нозалæ уæлдæфи дæхе райерхæфсæ. Уой фæдбæл æй нæ абони æрфарсти медес дæр.***

**1. Анзи уазал рæстæгути баргъæвсис?**
а) Уоййасæбæл ахид нæ, уæдта исуазал уогæй ку фæссæйгæ ун, уæддæр тагъд радзæбæх ун;
б) Еуæй-еу хатт уотæ фæссæйгæ ун, æма мæбæл хъæбæр ниддаргъ уй, уой хæццæ ба ма мæбæл нез искарз уй;
в) Æгириддæр еци æргъæвсти уавæрæй мин фæййервæзæн нæбал фæууй.

**2. Бауæр исфæлтæруни тухххæй дин циуавæр мадзæлттæ зундгонд æнцæ?**
а) Сауæнгæ мæ сабийдогæй, уæдта си нур дæр ма пайда кæнун;
б) Хуарз зундгонд мин æнцæ, уæдта си хаттæй-хатт пайда дæр кæнун;
в) Игъосгæ сæ фæккодтон, фал…

**3. Хъæбæр дæ ка бахъор кодта, уæхæн цæф ескæд фæдтæ?**
а) Уотид уæнгивæзтæй уæззаудæр неци;
б) Адтæй сауæнгæ иуонги сæститæ дæр æма ивæзтитæ дæр, фал е кæддæр раги адтæй æма си исдзæбæх дæн;
в) Гъулæггагæн, ахид мæбæл æрцæуй уæхæн цаутæ.

**4. Кафунмæ хуарз арæхсис?**
а) Гъо, уомæн æма мæ ахид багъæуй кафун;
б) Кафунбæл сæрмагондæй кæд нæ ахур кодтон, уæддæр хуарз арæхсун кафунмæ;
в) Æгириддæр некæд кафун.

**5. Цидæр æнай-æнойти уавæри цæрдæг исарæхсунгъон дæ, уæдта рæстмæ æзмæлдтитæ кæнунгъон дæ?**
а) Æнтæсуй нин – мæ æрдзон гъæдæмæ гæсгæ, кенæ ба спортæй еудадзуг ке архайун, уой фæрци;
б) Кæми рауайуй, кæми ба нæ;
в) Зинтæй бантæсдзæнæй.

**6. Цал анзи дæбæл цæуй?**
а) 25-30 анзи;
б) 40-45 анзи;
в) 55-60 анзи.

**7. Цидæр бæрзæндæмæ (хонхмæ, азгъунсти уæлиау уæладзгутæмæ æма æндæр рауæнтæмæ) ку исхезис, уæд дæмæ циуавæр æнкъарæнтæ фæззинуй?**
а) Фулдæр – алæмæти уодæхцæуæндзийнадæ;
б) Хаттæй-хатт мæ сæр разелуй, мæ зæрдæ хæссун байдайуй;
в) Зин мин æй, бæрзæндæй тæрсгæ кæнун.

**Аци фарстатæбæл ци дзуæппитæ равардтай, уонæн цал балли дæмæ хауй, уой банимайæ, мæнæ дæлдæр ци таблицæ мухур кæнæн, уомæ гæсгæ. Æма цал балли æрæмбурд кæнай, уони бæрцæй ба ес мæнæ ауæхæн хатдзæгтæ искæнун.**

Арфæ дин кæнæн, **47-39 балли** ке æрæмбурд кодтай, уой фæдбæл! Дæ бауæри физикон бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ дæ бон æй спорти зуймон хузтæй кæцифæнди дæр равзарун. Æнцонæй арæхсун байдайдзæнæ хуæнхон къахдзонæгътæбæл æма сноубордбæл фæццалх ун æма æдеугурæй мæйи дæргъи ахурти фæсте ди рауайдзæнæй уæ тургъи тæккæ арæхстгиндæр гъазæг.

Æрæмбурд кодтай **38-29 балли**?

Æгæр гъæйттæй уæргъæгтæ дæхемæ ку райсай, уæд дин етæ, ка ’й зонуй, æнхæст нæ фæрræстмæ уодзæнæнцæ. Фал ма тухсæ – къахдзонæгътæбæл гурун, керлингæй хе ерхæфсун, бауæр исфæлтæруни мадзæлттæй пайда кæнун, абана кенæ саунæ бабæрæг кæнун дин зингæ фæззæрдæмæдзæугæдæр кæндзæнæнцæ дæ зуймон рæстæг æма дин фæййагъаз уодзæнæнцæ дæ хе æнкъарундзийнадæ фæххуæздæр унæн.

Æрæмбурд кодтай **28-20 балли**. Зуймон физикон фæлтæрæнтæ райдайæ усмæгай æма æнæ хæлæфæй. Кæнæ дæргъвæтийнæ рацо-бацотæ гъæди къахдзонæгътæбæл, кенæ ба скандинаваг цæунæй хæтун. Еу мæйи фæсте дæхе æнгъæлдзæнæ зингæ æнæнездæр æма цæрдæгдæр.

Æрæмбурд кодтай **19-8 балли**. Кæд дæбæл зуймон бонигъæдæ лæгъузæрдæмæ бæрæг кæнуй, уæддæр ма тингун кæнæ: фæййервæзун дæ кæндзæнæнцæ накæ кæнун æма рæуæг фитнес (тухархайд нæ кæнгæй). Фал уой хæццæ дæ къох ма исесæ зуймон гъæди хæтунбæл, уоми метæй гурикæндтитæ аразунбæл. Еу уæхæн уозер (прогулка) сахати дæргъи пайдайæй уæлдай зæран некæмæн ма æрхаста.

## БАКÆСÆ, БАЗОНÆ

### АСТÆУККАГ КАРÆ

Лондони экономикон скъолати ахургæндти нимадмæ гæсгæ, астæуккаг кари кризисбæл æнцонæй фæууæлахез уæн ес. Уой тухххæй фулдæр рæстæг харз кæнун гъæуй, ци уарзис еци гъуддагутæбæл. Специалистти нимадмæ гæсгæ, рахуссун кæнун гъæуй дзиппидаргæ телефон. Ахиддæр игъосун гъæуй музыкæмæ, фулдæр рæстæг æрветун æмбæлтти хæццæ, кæдзос уæлдæфи тезгъо кæнун.

Адæми æрфарст куд равдиста, уотемæй адæймаг тæккæ æнамонддæр фæууй 50-анздзудæй 54-анздзуди уæнгæ. 65-79-анздзудæй амонди бæрцæ фæффулдæр уй. Психологти нимадмæ гæсгæ, лæги амондгун кæнунцæ минкъий цийнадзийнадтæ. Адæймаги амондбæл ма бафтуйуй, æ фæндитæ ку исæнхæст унцæ, уæддæр.



### УСТУР ТÆБÆГЪТИ ЗИАН

Кембриджи университети ахургæндтæ ’рцудæнцæ уæхæн æнахур гъудимæ. Устур тæбæгъæй ку хуæрай, уæд нард кæнунмæ фæуууодзæнæ. Уомæн æма бахуæрдзæнæ, цæйбæрцæ дæ фæндуй, уомæй фулдæр.

Бeрæ ка хуæруй, етæ исхуæрзхуз унцæ. Хуæрзхузтæ ба ахиддæр сæйгæ кæнунцæ зæрди, сæкæри нез æма ракæй.

### НÆУÆГ БУНАТИ

Куд зонæн, уомæй, нæуæг бунати адæймаг лæгъуздæр фунæй кæнуй. Ахургæндти гъудимæ гæсгæ, нæуæг бунати адæймаг, рæуонæ ин нæ фæууй, уотемæй æхе æдас нæ фæхханонуй. Уой фудæй сæри магъзи еу хай æхе фенгъæлуй къæрцгъос уавæри. Нæуæг уавæрти æхсæвеуатгæнгæ кæмæн æрцæуй, етæ, еуемæй, æрæгæмæдæр бафунæй унцæ, иннемæй ба лæгъуздæр фæххуссунцæ. Куд ма рабæрæг æй, уотемæй магъзи галеу æрдæгтумбулæг фæффунæй кæнуй уæлæнгайдæр.

Балций ахид ка фæццæуй, етæ ескæд-еу хаттæй уæлдай сæ фунæййæй нæ гъаст кæнунцæ.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1. Ирон фингсгутæй еу хуæнхон надбæл ку исæмбалдæй, хъæбæр мæгур цард ке кæнуй, е æ бакастæй бæрæг кæмæн адтæй, уæхæн силгоймагбæл, уæд ин, æ дзиппи ма имæ ци фæстаг сом адтæй, уой равардта, дæхецæн си дарæс балхæнæ, зæгъгæ. Ка адтæй еци фингсæг?**
а) Гæдиати Секъа. б) Хетæгкати Къоста. в) Хъанухъаути Инал.

**2. Уæрæсей паддзахи бунати бундар астанздзуд Александр Николайи фурт, цæмæй еске хæццæ гъазтайдæ, уой тухххæй имæ хуцаубони æрбахониуонцæ е ’мгарæ сувæллæнтти. Еци æригон иуазгутæй еу кæддæр уоййасæбæл монци бацудæй, æма ерис кæнун байдæдта сауæнгæ император Николай Фиццаги хæццæ. Еци бицеу, рабайлæгъ уогæй, уоййасæбæл хъауæргин разиндтæй, æма цæфхæдтæ рараст кæнидæ. Уой хæццæ ба ма иссæй игъустгонд поэт дæр. Дзубанди ке тухххæй цæуй?**
а) Федор Тютчев. б) Алексей Толстой. в) Афанасий Фет.

**3. Кинонивти ци зæгъдтитæ райгъусуй, етæ уоййасæбæл фæррæстмæ унцæ, æма си дзилæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ фæппайда кæнуй. Уотæ, мæнæ ауæхæн загъд дæр: «Итауис рæстмæзунддзийнадæ, хуарздзийнадæ, æносон, ирæзгæ ба си искæнуй сансала æма хæмпæлгæрдæг...» Циуавæр кинониви райгъустæй аци загъд?**
а) «Хумæтæги алæмæт» («Обыкновенное чудо»). б) «Республикæ ШКИД». в) «Фæццæрдзинан авдисæрмæ» («Доживем до понедельника»).

**4. Мæнæ нуртæккæ Хонсар Африки адæмихæттитæй ке ранимайдзинан, уонæй кæмæ нæ адтæй фингсуйнадæ?**
а) Майæ. б) Ацтектæ. в) Инкитæ.

**5. Дуйней тæккæ фулдæр сакъадæхтæ кæци паддзахади ес?**
а) Швеций. б) Папуа-Нæуæг Гвинейи. в) Индонезий.

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети 44-аг номери мухургонд фарстатæбæл.**
1. Фридрих Ницше. 2. Эспирантисттæ. 3. Николай Зелинский. 4. Цуппар. 5. 1228 километри сахатмæ. 6. Сапсанæн. 7. Донаг хъазахъаг Федор Нефедов. 8. Æртæ.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2583**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 29.11.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 29.11.2024.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ нæ ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.